

## ~AVI ENPÒTAN POU TOUT PARAN~

### **TOUT PARAN OSWA RESPONSAB DWE LI EPI SIYEN FÒM SA A POU TOUT ELÈV KI PATISIPE NAN *OPEN GYM* POU GRANVAKANS ANDEYÒ SEZON REGILYE AK PWOGGRAM ANTRÈNMAN *CONDITIONING/WEIGHT* NAN LOKAL DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH SOTI 31 ME RIVE 29 JIYÈ 2024.**

Distri Lekòl Palm Beach la pa bay asirans pou kouvri elèv k ap patisipe volontèman nan antrènman *Conditioning/Weight* ak pwogram *Open Gym* andeyò sezon regilye granvakans 2024 la. Patisipasyon nan Pwogram Granvakans Andeyò Sezon regilye pa yon egzijans pou elèv atlèt yo. Patisipasyon elèv nan Pwogram Andeyò Sezon oswa nan Pwogram Granvakans totalman volontè. Lekòl yo pral pèmèt elèv yo itilize espas nan lekòl la pou *Conditioning/Weight* andeyò sezon regilye pou granvakans 2024 la kòm yon sèvis publik. Distri Lekòl la pa responsab pou peye bòdwo medikal nan ka yon elèv blese pandan li sou pwopriyete lekòl publik pandan mwa granvakans yo oswa pandan pwogram granvakans 2024 sou pwopriyete Lekòl Biblik yo. **Yo mande paran yo pou yo genyen anplas kék fòm asirans pou kouvri tretman pou nenpòt blesi ki genyen rapò ak aktivite sa yo.**

Paran yo kapab achte yon plan asirans aksidan a ba pri pou ede kouvri kék nan bòdwo medikal nan ka ta gen yon blese pandan pwogram egzèsis *Conditioning/Weight* granvakans andeyò sezon regilye nan *School Insurance of Florida*. Aplikasyon pou asirans yo disponib sou entènèt nan [www.schoolinsuranceofflorida.com](http://www.schoolinsuranceofflorida.com). Règleman sa a genyen limit ak esklizyon epi li kapab pa peye 100% tout depans medikal yo si yon elèv blese epi li bezwen tretman medikal. **Regleman aksidan an kouvri sèlman Conditioning/Weight ak aktivite open gym pandan mwa granvakans yo.** Plan an PA KOUVRI okenn depans pou tretman medikal ki genyen rapò ak blesi oswa blesi ki reparèt pandan: 1) Pratik oswa konpetisyon lig espò prive; 2) Antrènman ekip espò entèskolè ak/oswa konpetisyon nan granvakans antrenè oswa anplwaye Distri Lekòl Rejyon Palm Beach yo òganize. YO APLIKE LÒT KONDISYON EKSKLIZYON AK LIMITASYON ESPESIFIK. TANPRI LI TOUT RÈGLEMAN TÈM KONDISYON YO DIVILGE YO AVAN W PRAN DESIZYON POU ACHTE NENPÒT PLAN ASIRANS POU AKSIDAN. Vizite [www.schoolinsuranceofflorida.com](http://www.schoolinsuranceofflorida.com) pou plis enfòmasyon.

Yo bay enfòmasyon sa a sèlman kòm yon sèvis publik. Asirans pou pwoteje elèv yo pandan aktivite granvakans yo kapab disponib tou atravè plizyè sous tankou *Blue Cross/ Blue Shield, Aetna, Golden Rule Ins. Co.* Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la pa andose, bay manda oswa fè pwofi nan lavant asirans aksidan. **Se pral responsablitè sèlman paran/responsab elèv la pou fè peman tout bòdwo medikal ki genyen rapò ak blesi elèv yo pandan mwa granvakans yo.**

**Paran/Responsab yo dwe ranpli epi siyen fòm sa a epi retounen l nan biwo atletik lekòl la si pitit ou a chwazi pou li patisipe nan antrènman *Conditioning/Weight* ak pwogram *open gym* andeyò sezon regilye granvakans k ap fèt nan lekòl la. Tanpri sonje Paran/Responsab oswa Elèv Adilt yo dwe revize epi siyen Dispans (PBS 2448 oswa 2449) Distri Lekòl ki apwopriye a.**

---

#### **REKONESANS RESPONSABLITE LEGAL PARAN POU ASIRANS MEDIKAL ELÈV**

**Deklarasyon Paran:** Nou rekonèt nou resevwa avi sa a epi nou pèmèt pitit nou an patisipe nan Pwogram pou *Conditioning/Weight* Andeyò Sezon regilye an nan Lekòl Distri Rejyon Palm Beach la. Nou dakò nou pral totalman responsab pou fè peman tout depans medikal yo te peye oswa nenpòt asirans la peye nan ka pitit nou an blese pandan antrènman *Conditioning/Weight* oswa pwogram *open gym* andeyò sezon regilye granvakans 2024 la.

Nou rekonèt nan ka yon elèv blese ki ta kapab rive pandan nenpòt pwogram Antrènman *Conditioning/Weight* andeyò sezon regilye ki fèt nan lokal Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la pandan granvakans 2024 la, nou responsab pèsonèlman pou peye tout depans medikal aksidan blesi koze.

Non Konplè Elèv la: \_\_\_\_\_ Non Lekòl la: \_\_\_\_\_

Paran oswa Responsab legal Aksepte epi Siyen: \_\_\_\_\_ Dat yo te Siyen: \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

Elèv la Aksepte epi Siyen : \_\_\_\_\_ Dat yo te Siyen: \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

**YO DWE RETOUNEN FÒM KONPLÈTE SA A NAN BIWO ATLETIK LEKÒL LA**